



Yo pral Otomatize Ranmasaj Dechè Bò Twotwa koumanse nan dat 1^{mye} Oktòb 2024 la

25 Jiyè 2024 –Sa pa gen twò lontan, Depatman Pwoteksyon Anviwònman Massachusetts (Massachusetts Department of Environmental Protection, (MA DEP) pibliye yon seri done konsènan ranmasaj dechè solid minisipal yo nan tout Eta a pou yon peryòd dis (10) la lane. Etid la moutre yon kay mwayen nan Massachusetts pwodui 1,661 liv fatra chak lane. Chak kay nan Randolph pwodui an mwayèn 2,500 liv fatra chak lane. Sa vle di, chak **kay ki nan Randolph pwodui 40.3% plis fatra** pase kay mwayen ki nan Massachusetts yo. Sa enpòtan anpil paske se an tòn yo mezire dechè minisipal yo epi vil la dwe peye frè eliminasyon pou chak tòn. Akòz pri tòn yo, pri dechè yo oblije moute pou rezidan yo.

Nan objektif pou estabilize oswa redui pri dechè yo nan tan kap vini yo, Randolph ap mete sou pye pwogresivman yon pwogram ranmasaj dechè otomatik kap koumanse nan dat 1^{mye} Oktòb 2024 la. Tout kay ki patisipe nan pwogram ranmasaj dechè bò twotwa yo ap wè yo mete yon (1) poubèl ble ki mezire 96 galon ak yon kouvèti jòn. Yap vin met poubèl lakay ou ant 26 Dawout jiska 17 Septanm 2024 la. Poubèl ou a ap vini ak enstriksyon konsènan kouman pou w plase l deyò a pou sèvis ranmasaj la.

Selon demonstrasyon yo, Ranmasaj otomatize a se yon mwayen ki efikas pou redui nan tòn fatra yap ranmase bò twotwa yo epi yo itilize l nan anpil kominote nan Massachusetts, espesyalman nan vil vwazen nou yo. Mete sou avantaj li genyen nan redui nan kantite tòn ki pwodui chak lane, li kontribye nan evite dechè gras ak yon kouvèti ki byen ajiste li genyen. Kouvèti byen ajiste a anpeche parazit tankou rat, rakoun, ekirèy, zwazo, ensèk kap vole ak moufèt antre ladan l. Nèj k ap fonn oswa dlo lapli pap ka antre nan poubèl la, sak pral ede nan redui odè epi anpeche pwa fatra a ogmante akòz dlo.

Li enpòtan pou ou pou w konnen, koumanse nan dat 1^{mye} oktòb 2024 la, moun pap ka mete poubèl oswa resipyan pou mete dechè ki pa apwouve bò twotwa yo pou yo vin ranmase yo. Yo dwe mete tout dechè yo nan poubèl vil la apwouve pou yo vin ranmase yo. Yo PAP ranmase fatra ki pa anndan poubèl vil la apwouve yo. Chak poubèl gen ekivalan twa (3) baril ki ka pran trant galon oswa 3 sak dechè.

Yon poubèl ap ase pou 90% kay yo. Si w se yon gwo itilizatè pwogram jesyon dechè nan vil la, ou ka achte yon poubèl vil Randolph la anplis ak yon frè an plis ki se yon montan 130.00 dola pou chak inite chak lane. Ou ka rive fè sa pandan w ap achte yon pèmi sou *Permit Center (Sant ki bay Pèmi)* <https://randolph-ma.gov> oswa nan biwo Sante Piblik nan Town Hall. Sepandan, atravè eksperyans, ekspè nan dechè solid yo rekòmande rezidan pou yo itilize poubèl la pandan yon peryòd esè anviwon kat (4) semèn anvan yo mande yon poubèl an plis.

Pi devan, wap gen bezwen yon pèmi pou yo ranmase **Matla ak Somyè**. Nan lane 2022, MassDEP te ranmase matla ak somyè pami tout dechè solid. Pou yo ranmase Matla/Somyè kounye a, wap bezwen yon frè 50 dola pou chak atik. Wap toujou bezwen planifye 7 jou alavans pou Matla/boksè. Koumanse nan jou Madi 24 Septanm 2024 la, ou dwe ale anliy sou sit entènèt <https://randolph-ma.gov> sou “*Permit Center (Sant ki bay Pèmi)*” pou w planifye pou yo vin ranmase yon matla oswa yon somyè epi pou w peye pou sèvis la sou fòm elektwonik.

Kòm yap gen pou yo itilize poubèl, **ou DWE Planifye pou Ranmase Atik Gwo Dimansyon yo** alavans **ATRAVÈ RANDEVOU SÈLMAN**. Yap gen pou ranmase atik sa yo nan jou yo abitye vin ranmase dechè lakay ou sèlman si w te gentan fè planifikasyon an 7 jou alavans koumanse nan jou Madi 24 Septanm 2024 la. Ou dwe ale anliy sou sit entènèt <https://randolph-ma.gov> sou “*Permit Center (Sant ki bay Pèmi)*” pou w fè planifikasyon pou yo vin ranmase atik ki anbarasan yo

Si w gen plis kesyon, tanpri voye yon imèl nan gcody@randolph-ma.gov oswa rele nan 781-961-0924. Gerard F. Cody, REHS/RS se Komisè Sante Piblik k ap jere pwogram jesyon Dechè Solid ak Resiklaj nan Vil Randolph la.